

# Tout Enfòmasyon ou Bezwen

New Jersey **wic**

Kontakte Blwo WIC Lokal ou a:

Jwenn plis enfòmasyon: <http://nj.gov/health/fhs/wic> oswa rele: 1-800-328-3838

## Kiyès ki kalifye pou WIC?

- ♦ Fanm ansent
- ♦ Manman k ap bay tete ba tibebe ki gen jiska 12 mwa
- ♦ Manman tibebe ki gen jiska 6 mwa
- ♦ Tibebe ak timoun ki gen jiska 5 lane  
(Dwe ap viv New Jersey, epi satisfè egzijans pou revni yo)

## Kisa avantaj WIC yo ye?

- ♦ Jwenn manje ki bon pou lasante
- ♦ Edikasyon sou nitrisyon
- ♦ Gid sou fason pou bay tete
- ♦ Referans nan sipò kominotè

## Kisa ki nan pake manje chak mwa a?

Chak patisipan ap resevwa manje WIC ki bon pou lasante ki vo apeprè \$60.00 pa mwa. Chwa yo gen ladan:



### ♦ Grenn Antye

Pen Ble Antye  
Diri Mawon  
Pasta Grenn Antye  
Ble Antye / Tòtiya Mayi  
Seryal pou Manje Maten

### ♦ Pwoteyin

Ze  
Manba  
Tipwa Sèk ak nan  
Bwat Konsèw  
Tofou

### ♦ Legim/Fwi

Fre  
Konjle  
Nan Bwat Konsèw  
Ji

### ♦ Pwodwi Letye

Lèt  
Lèt Soja  
Fwomaj  
Yogout

### ♦ Tibebe

Sereyal pou Tibebe  
Legim pou Tibebe  
Fwi pou Tibebe  
Lèt Fòmila pou Tibebe

Konfòmman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk regleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, nou entèdi USDA ansanm ak Ajans, biwo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo fè diskriminasyon kont moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, kwayans relijye, yon andikap, laj, kwayans relijye, oswa revanch oswa reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finansè.

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans (nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou asistans yo. Moun ki soud, tande di oswa gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. An plis, yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lòt lang.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli [Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA](#) a, (AD-3027). W ap jwenn li sou entènèt nan adrès: [How to File a Complaint](#), ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Voye fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; ou
- (3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

